



Kreye chemen ant lekòl ak karyè ki pote siksè

Chè Nouyòkè,

Nou vle pou chak timoun nan lekòl leta Vil Nouyòk fini lekòl avèk konfyans nan tèt yo epi pare pou yo chwazi yon chemen ki mennen nan avni pozitif yo wè devan yo a. Pou nou di laverite, sa ka rive sèlman si nou ede elèv yo wè koneksyon ki genyen ant sa k ap pase nan lekòl ak sa ki sou mache travay 21yèm syèk la yo espere rantre ladan an. Semèn sa a, mwen kontan anpil anonse yon inisyativ ki la pou fè sa menm.

Nan jou 6 mas la n ap lanse dezyèm [Semèn Dekouvèt Karyè](#) vil la, yon inisyativ ki mennen elèv lekòl segondè leta yo nan espas travay atravè vil la pou yon jounen eksplorasyon karyè. Plis pase 2,400 elèv dizyèm ane ki soti nan apeprè 70 lekòl leta pral plonje nan anbyans pwofesyon ki ka enterese yo atravè vizit entèaktif pandan tout yon jounen, nan kèk nan pi gwo konpayi nan vil la.

Pandan semèn lan, plis pase 85 konpayi ak lòt òganizasyon pral resevwa elèv pou yon jounen konplè pwogramasyon ki pral gen ladan komite karyè manm egzekitif ap dirije, vizit nan lokal travay, demonstrasyon teknoloji entèaktif, defi ki gen nan travay an gwoup, ak plis ankò. Pa egzanp, elèv yo ka patisipe nan yon sesyon kodaj nan Google, yon atelyetrayay sou kòman pou ekri C.V nan Verizon, aprann sou kòman pou fè maketing tèt ou ak sou biznis basketball nan

katye jeneral NBA/WNBA, epi patisipe nan yon atelyetravay nan National Grid sou kòman pou aplike pou travay.

Semèn Dekouvèt Karyè se yon egzantp sou sa nou kapab akonpli lè nou travay nan kolaborasyon. Mwen vle remèsye [Partnership for New York City](#) ak gwo konpayi nan vil la k ap bay elèv nou yo opòtinite pou chanje lavi yo. Aktivite semèn sa a fè pati inisyativ [NYC Public Schools' Student Pathways](#), k ap prepare elèv pou yo travay nan sektè k ap grandi rapid ak peye byen tankou swen sante, teknoloji, ak biznis.


Atravè patenarya sa yo, elèv nou yo ap ka antre an kontak avèk pwofesyonèl k ap sèvi yo kòm konseye, bay rekòmandasyon lè y ap aplike pou travay alavni, epi devlope yon rezo relasyon pi lwen apre lekòl. Lè nou fè envestisman sa yo nan elèv nou yo, nou pa sèlman investi nan avni yo, n ap investi tou nan avni vil nou an ak nasyon nou an.

Nou pran angajman pou fè elèv nou yo santi lekòl segondè apwopriye ak fè sans pou yo—konsa y ap vrèman wè lekòl kòm yon chemen pou yon karyè ki bay anpil rekonsans ak sekirite ekonomik alontèm.

Plane wo,

David C. Banks
Chanselye

Videyo Rezime Semèn lan



Men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Si w pa vle resevwa mesaj imèl you PS+You yo ankò, tanpri [pa abone \(unsubscribe\)](#).

Pou soutit ki tradui: Klike sou icon "CC" a. Klike sou icon "Setting" lan epi chwazi "Subtitles / CC". Chwazi "Auto-translate" epi chwazi lang ou an.